

## **Kesyon moun poze souvan (Frequently Asked Questions)**

### **Diskriminasyon, Arasman seksyèl ak lòt arasman, Entimidasyon, Vyolans ant elèv**

#### **1. Kòman mwen ka rapòte vyolans (agresyon) ak/oswa arasman seksyèl?**

Li enpòtan pou enfòmè lekòl ou a sou sa pou li ka pran bon jan mezi pou asire l konpòtman an pa kontinye epi oumenm/pitit ou a jwenn sipò.

Ou ka rapòte yon ensidan kote oumenm, pitit ou, oswa yon lòt elèv ki sibi vyolans oswa arasman te enplike si w:

- di nenpòt pwofesè oswa manm estaf nan lekòl la
- ranpli [fòm](#) sa a ak remèt li bay nenpòt manm estaf lekòl la
- pote plent sou yon pòtal DOE a sou entènèt: <https://www.nycenet.edu/bullyingreporting>

Aprè w fin rapòte l, paran yo ka mande administrasyon lekòl la pou nimewo ensidan an, ke yo rele tou nimewo sistèm pou rapòte sou entènèt ensidan ki rive (Online Occurrence Reporting System, OORS).

#### **2. Kòman mwen ka jwenn enfòmasyon sou règleman ak pwosedi DOE ak mwayen pou jwenn èd?**

Li enpòtan pou konprann règleman ak pwosedi DOE. Ou ka pale avèk youn nan moun sa yo si w vle plis enfòmasyon oswa si w bezwen èd:

- Lyezou Respè pou Tout Moun (Respect for All, RFA) nan lekòl ou a
- Lyezou pou Prevansyon arasman seksyèl (Sexual Harassment Prevention, SHP) nan lekòl ou a
  - Yo fè trening pou Lyezou SHP ak RFA pou ede elèv ak paran, epi travay avèk lekòl ou a pou prevni vyolans ak arasman seksyèl.
  - Si w pa konnen kiyès ki jwe wòl lyezou sa yo nan lekòl ou a:
    - Mande yon manm estaf
    - Chèche non yo nan afich Respect for All ak nan afich Check & Respect nan lekòl ou a.
    - Ale sou [www.schools.nyc.gov](http://www.schools.nyc.gov), Chèche lekòl ou a, epi chèche lyezou pa w yo nan “Kontak ak Enfòmasyon Lekòl (School Contacts and Information).”
- Nenpòt pwofesè oswa manm estaf nan lekòl la

Si w prefere pale avèk youn nan moun nan DOE ki pa nan lekòl ou a, men kèk fason anplis pou jwenn èd:

- Kontakte Respè Pou Tout Moun (Respect For All) nan telefòn 718-935-2288, oswa voye yon imèl nan [RespectForAll@schools.nyc.gov](mailto:RespectForAll@schools.nyc.gov)
- Si enkyetid ou yo se arasman seksyèl oswa asèlman ki baze sou sèks, voye yon imèl bay Kowòdonatè Tit IX DOE a nan [Title IX Inquiries@schools.nyc.gov](mailto:Title_IX_Inquiries@schools.nyc.gov).

Tanpri ale sou <https://www.schools.nyc.gov/school-life/school-environment/respect-for-all> pou plis enfòmasyon.

### 3. Ki tip sipò lekòl ou ka bay si oumenm/pitit ou santi li pa ansekirite oswa bezwen sipò, epi kòman mwen ta dwe mande sipò?

Pi vit posib, fè yon manm estaf lekòl ou a konnen. Lekòl ou a pral travay avèk ou pou bay sipò pou fè oumenm/pitit ou santi l ansekirite.

- Ou ka mande sipò nan nenpòt ki moman, tankou avan, pandan, oswa apre lekòl la fin envestige yon plent.
- Gen plizyè fason lekòl la ka kore bezwen endividyèl oumenm/pitit ou. Paegzanp:
  - Lekòl ou a ka konekte oumenm/pitit ou avèk yon konseye pedagogik, travayè sosyal, sikològ, oswa yon pwofesyonèl sante mantal nan kominote a.
  - Lekòl ou a ka tou eksplòre avèk ou sipò akademik ak ajisteman tankou yon chanjman nan klas yo, manje midi/poz, oswa orè pwogram aprelekòl.
  - Lekòl la ta ka tou travay avèk oumenm/pitit ou pou konstwui yon plan sipò endividyèl pou satisfè bezwen presi oumenm/pitit ou. Plan an pral eksplike sipò yo bay pandan jounen lekòl la ak pandan pwogram/aktivite DOE yo. Sa a gen ladan aeryòd tan pou asire konpòtnrejistremman regilye avèk estaf ak estaf espesifik lekòl la pou bay sipò pou kèk peryòd tan pou asire konpòtman sispann.
  - Si pitit ou a gen yon andikap epi sa a enkyete w ke yon ensidan ap afekte aprantisaj li, pale avèk ekip IEP w/ ekip IEP pitit ou, ekip Seksyon 504, ak administratè lekòl la.
- Si yon paran gen kesyon pandan envestigasyon an, li ka mande Lyezon RFA oswa SHP oswa direktè a.

### 4. Kòman yo envestige plent?

Yon manm estaf lekòl ou a pral envestige plent lan ak etap sa yo:

- Pale separeman avèk elèv ki enplike nan ensidan an
- Poze yo kesyon sou sa ki te pase a, si gen nenpòt elèv ki gen enfòmasyon sou ensidan an oswa nenpòt prèv (tankou videyo, mesaj tèks, afichaj nan medya sosyal)
- Mande yo prepare yon deklarasyon alekri
- Pale separeman avèk lòt moun ki ta ka wè sa ki te rive a, konnen yon bagay sou sa ki pase a, oswa ki gen nenpòt prèv epi mande yo prepare yon deklarasyon alekri.

Pou kèk tip ensidan sou arasman seksyèl: Tit IX, ki se yon lwa federal, egzije ekip Tit IX DOE a pou fè yon envestigasyon separe anplis envestigasyon lekòl la. Envestigasyon Tit IX la diferan ak envestigasyon lekòl la. Yo pral avize w si ekip Tit IX la ka envestige ensidan an tou.

Pou plis enfòmasyon osijè Tit IX la, ale sou sit :

- <https://infohub.nyced.org/docs/default-source/default-document-library/doe-overview-of-title-ix-investigations-notice-of-rights.pdf>
- <https://www.schools.nyc.gov/about-us/policies/non-discrimination-policy/title-ix>.

### 5. Kòman yo pral enfòm mwen sou desizyon lekòl la pran apre envestigasyon an?

- Lekòl la pral konsidere tout enfòmasyon sa yo li te resevwa pandan envestigasyon an ak pran yon desizyon sou sa ki te pase a ak fason pou sipòte oumenm/pitit ou.

- Lekòl la pral bay paran elèv ki te enplike yo yon lèt pou fè yon konnen desizyon sa a sou 10 jou lekòl apre yo fè yon rapò. Pafwa lekòl la ka bezwen plis tan pou fè investigasyon.
- Sipò yo disponib nan lekòl ou a epi ou ta dwe kontakte lekòl la pou pale sou sa.
- Yo pral bay paran elèv ki te enplike nan yon ensidan enfòmasyon sou pwòp pitit ou. Lekòl la pa pral bay paran yo enfòmasyon sou sipò oswa sanksyon yo pran kont yon lèt elèv.

#### **6. Kòman mwen ka jwenn asistans si mwen bezwen plis èd pase sa lekòl la bay?**

Si w bezwen plis asistans pase sa lekòl la bay la, ou ka fè nenpòt nan bagay sa yo:

- Voye yon plent ki mande èd anplis sou entènèt nan <https://www.nycenet.edu/bullyingreporting>
- Pale avèk manm estaf lekòl la ou santi w alèz la
- Kontakte Respè Pou Tout Moun (Respect For All) nan telefòn 718-935-2288, oswa voye yon imèl nan [RespectForAll@schools.nyc.gov](mailto:RespectForAll@schools.nyc.gov)
- Ranpli Fòm Demand Asistans lè sitiasyon Manm Estaf la debòde (Escalation Staff Assistance Request Form) epi voye yon imèl bay Kowòdonatè sipò pou fanmi (Family Support Coordinator) pou sipèntandan k ap sipèvize lekòl ou a:  
[https://cdn-blob-prd.azureedge.net/prd-pws/docs/default-source/default-document-library/request\\_for\\_escalation\\_staff\\_assistance\\_form.pdf?sfvrsn=53b062c1\\_20](https://cdn-blob-prd.azureedge.net/prd-pws/docs/default-source/default-document-library/request_for_escalation_staff_assistance_form.pdf?sfvrsn=53b062c1_20)
- Kontakte Family Support Coordinator nan biwo Sipèntandan an:  
<https://www.schools.nyc.gov/about-us/leadership/district-leadership>.

#### **7. Èske yon plent konfidansyèl?**

Lekòl ou an konnen rapò w la sansib, epi l ap fè tout efò pou:

- kenbe rapò yo konfidansyèl otan posib
- pataje enfòmasyon sèlman lè sa nesèsè pou fè investigasyon oswa kenbe elèv ansekirite

Yo enfòmè paran yo konnen nan ki ensidan pitit yo enplike. Elèv yo ta dwe pale avèk lekòl yo si yo gen enkyetid pou yo enfòmè paran yo. Lekòl yo ka ede travay avèk elèv ak paran epi bay yo sipò.

Si rapò a se yon krim, lekòl la dwe enfòmè Lapolis Nouyòk (NYPD) .

#### **Règleman Chanselye (Chancellor's Regulations):**

A-831: <https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/a-831-10-23-2019-final-remediated-wcag2-0>

A-832: <https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/a-832-student-to-student-discrimination-harassment-intimidation-and-or-bullying>